# НУР

ISSN 0207-6551
5
2020



6+

## Редакторым и псалъэ

Накъыгъэм нэхъ мазэ дахэ илъэс псом хэткъым. Ар нэфIэгуфIэ-щхъуэкIэплъыкIэ гъэгъащ, махуэшхуэхэр и куэдщ, зыгъэпсэхугъуэ гъэмахуэми уи гур хуегъэушэ! Мы мазэрщ зыхиубыдэр ТекIуэныгъэм и Махуэшхуэри, адыгэм ди Щыгъуэ-щIэж махуэри. Абы къыхэкIыу мы къыдэкIыгъуэр дэ тедухуащ лIыгъэм. ЦIыхум сыт хуэдиз хузэфIэкIрэ и хэкум бий къытеуа иужь! «Хэку зауэшхуэм и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща адыгэ зауэлIхэр фэдгъэцIыхунущ.

Адыгэр дуней псом цIэрыIуэ щызыщIа ди уэркъхэм я лIыгъэр зыхуэдар зэхывэдгъэщIэнущ.

Зи цIэр дунейм фIыкIэ теIуэн тхьэм фытхуищI!



*АБРОКЪУЭ Беллэ*

### Уэркъ щауэм

Хабзэ зегъакIуэ,  
Хейм и хъумакIуэ,  
Ем и лъыхъуакIуэ,  
ФIым и IэщакIуэ.  
ГуащIэр зи бащэ,  
ЕкIур зи фащэ,  
МафIэр зи гущIэ  
Шынэр зымыщIэ,  
Бийр зыгъэхыщIэ  
Уэркъ щауэ хъыжьэ!

Уэркъым уи губжьым  
Бийр игъэдзыхэт,  
Уэркъым уи ныбжьым  
Дзэр игъэгухэт...

## УЭРКЪЫМ ХУЭГЪЭЗА ПСАЛЪЭЖЬХЭР

Уэркъым и пщIэр – и напщIэщ,
Псэр зыщIитыр и напэрщ. (ЛIыгъэ)

Уэркъ шу закъуэ темыгушхуэ,
Уэркъ гупышхуэ щымышынэ.
(ЦIыхугъэ)

Жьыбгъэ пшыналъэр кIыфI хэщэIукIщ,
Уэркъыжь и джатэр кIыфI хэлыдыкIщ.
(Хахуэ)

ЛъхукъуэлIкIэ гъащIэр нэхугъэщ,
УэркъыжькIэ – дэгъэзеигъуэщ.
(Гугъуехь)

Дыгъэр къуохьэж, жэщыр йоIэж,
Вагъуэр хокIуэдэж, уэркъыгъэр къонэж.
(ЦIэрыIуагъэ)

ЛъхукъуэлIыр зыхуэшэсым
Уэркъыр блошэсыкI. (ЗауэлI)

Шы ныбэпх ехуэхкIэ
Уэркъыр емыпсых. (ПщIэ)

Бий хэплъыхьарэ
Ныбжьэгъу хэплъыхьарэ
Зыгъуэтыр уэркъыжьщ. (ЛIыхъужь)

Уэркъ лIыхъужьым зауэр иублэмэ
Бийр IэщIоухэ. (ЛIыгъэ)

Зи джатэ мыдалъэр,
Илъам – зымыгъазэр,
Зи Iэщэ мыубзэр уэркъыжьщ.
(ХэкулI)



Текlуэныгъэм и Махуэшхуэр илъэс 75 зэрырикъум ирихьэлlэу

# ХЭКУ ЗАУЭШХУЭМ И ЛIЫХЪУЖЬХЭР



## КЪАНКЪУЭЩ Ахьмэдхъан

Дзэ кхъухьлъатэзехуэ хахуэ Къанкъуэщ Ахьмэдхъан Тэрч районым хыхьэ Дейскэ къуажэм 1914 гъэм къыщалъхуащ. ЩIэныгъэфI зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIт ар, 1938–1942 гъэхэм Йошкар-Ола щыпсэуащ абы щыIэ аэроклубым и унафэщIу.

Хэку зауэшхуэм и япэ махуэхэм щегъэжьауэ фронтым щIэбэгырт Ахьмэдхъан. 1942 гъэм и декабрым ар зауэм кIуащ, кхъухьлъатэзехуэ IэкIуэлъакIуэуи зыкъыщигъэлъэгъуащ.

Ахьмэдхъан и шыпхъуитIымрэ и къуэшымрэ фашистхэм яукIат. Мис абыхэми, совет сэлэт минхэми ялъ ищIэжыну и тхьэрыIуэт щIалэ хахуэм. Шынэ имыщIэу Къанкъуэщыр зэрызэуа илъэс закъуэм къриубыдэу 108-рэ лъэтащ, нэмыцэхэми хэщIыныгъэшхуэ яритащ.

ЛIыгъэ зэрызэрихьам, хахуагъэ ин зэрыдалъэгъуам, и закъуэу кхъухьлъатэу 8, гъуcэ иIэу 3 къызэрыриудыхам, 5 зэрызэхикъутам папщIэ, ар **Совет Союзым и ЛIыхъужь** ящIащ.

Къанкъуэщ Ахьмэдхъан зэрыс кхъухьлъатэр 1943 гъэм Керчь и деж къыщраудыхащ.



## КЪАРДЭН Къубатий

Шэрэдж районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм 1917 гъэм июлым и 9-м къыщалъхуат щIалэ хахуэр.

Кхъухьлъатэм итIысхьэрэ уэгум ихьамэ, Къубатий бийм и щхьэр щIригъэхьэрт. Уэгум итхэр зыр зым щриджэкIэ, цIэ лей зыфIащ хабзэти, Къардэным зыфIищыжат и Хэкум и цIэр – Къэбэрдейр.

ЗауэлIым теухуауэ полковник Маркелов Василий игъэхьэзыра тхылъым мыпхуэдэу итт: «Капитан Къардэн Къубатий Лэкъумэн и къуэм, эскадрильем и унафэщIым фашизмэм и бийуэ екIуэкIа зауэм зыкъыщигъэлъэгъуащ шынэ зымыщIэ кхъухьлъатэзехуэ Iэзэу, лIыхъужь нэсу. 1941–1943 гъэхэм адыгэ зауэлI хахуэм 577-рэ уэгум зиIэтащ, абы щыщу 170-м щIылъэрызекIуэ дзэхэм ятеуащ, зыIэтыгъуи 117-м фашист кхъухьлъатэхэм езэуащ. Кхъухьлъатэ 21-рэ къриудыхащ, бийм и техникэрэ и цIыху куэдрэ Iисраф ищIащ».

1943 гъэм и август мазэм Къардэным къыфIащащ **«Совет Союзым и ЛIыхъужь»** цIэ лъапIэр.

Генерал-майор Къардэн Къубатий хэтащ ТекIуэныгъэ Иным и щIыхькIэ Мэзкуу щекIуэкIа еплъыныгъэшхуэм. Къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэм пэрытащ, иужьрей илъэсхэм Мэзкуу щыпсэуащ. Ар дунейм ехыжащ 2011 гъэм майм и 13-м.



## КЪАРДЭН Къэбард илъэсищэ ирокъу

Къардэн Къэбард Лэкъумэн и къуэр 1920 гъэм Аушыджэр къыщалъхуащ. Абы и гъащIэр ещхьт вагъуэижым – махуэ 257-рэщ ар Хэку зауэшхуэм зэрыхэтар. Къэбард сыхьэтихым къриубыдэу и танкымкIэ нэмыцэ фашисту 50-м щIигъу иукIащ, топу 18 икъутащ, къуентхъыу танки 7, автомашинэ 78-рэ ди дзэм къаIэрыхьэным хэлIыфIыхьащ...

**Совет Союзым и ЛIыхъужь** Къардэн Къэбард теухуа тхыгъэу щыIэр мащIэщ. Ауэ абыхэм Аушыджэр щыщ зауэлIыр къахощ Хэкум и бын пэжу, шынэ зымыщIэ танкисту, ныбжьэгъуфIу, цIыху хьэлэлу, сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэу. Апхуэдэу ар щыдолъагъу урыс тхакIуэ цIэрыIуэ Гарин Фабиян и тхылъ «Танкым телъ удз гъэгъахэр» зыфIищам.

## КЪУЭНЫКЪУЕЙ Назир



Гъащlэр зэрылъапlэр, упсэуну зэрынасыпыр фlы дыдэу ящlэрт Хэку зауэшхуэм хахуэу щызэуа, лъахэм и щхьэхуитыныгъэм папщlэ зи псэр зыта кхъухьлъатэзехуэхэм. А гъащlэр фlэlэфlт икlи игъэлъапlэрт ерыщу бийм пэщlэта Къуэныкъуей Назир. Дагъэгъэсыныр иухарэ и кхъухьлъатэри ныкъуэкъутэ хъуауэ ар къыщелаи къэхъуащ.

Апхуэдэ гузэвэгъуэ куэд пэщlэхуащ Лашынкъей къуажэм 1916 гъэм къыщалъхуа щlалэр, ауэ зэрымыгужьейм, сыт хуэдэ щытыкlэ гугъуми хэкlыпlэ къыщигъуэтыфу акъыл жан зэриlэм ар къригъэлащ.

Уэгум уитурэ бийм упэувамэ, зы напlэ дэхьеигъуэкlэ утеплъэкъукl хъунукъым. Къуэныкъуей Назир Берлин къэзыщтахэм яхэтащ. Абы и бгъэм хэлът **Бэракъ Плъыжь** орденитl, **Вагъуэ Плъыжь** орденитl, медалхэр. Зауэ нэужьым Назир къратыжащ **Совет Союзым и Лlыхъужьым** и ***Дыщэ Вагъуэри.***

1975 гъэм Назир дунейм ехыжащ.

## МЭСЕЙ Аслъэнджэрий илъэсищэ ирокъу



1920 гъэм Ерокъуэ къуажэм къыщалъхуа щlалэм зэрыпсэуну къыхуиухар илъэс 25 къудейт. Ар зауэм дамыгъэкlыну хуит къызэращlам ебакъуэри яфlэкlуат.

1944 гъэм и гъатхэм Мэсейр Белорус фронтым щызэуащ, танк взводым и унафэщlу. Фашистхэр СССР-м ирахужа нэужьи, Европэм ис лъэпкъхэр хуит къэзыщlыжахэм яхэтащ ар. Езым къигупсыса lэмалхэр къигъэсэбэпурэ, а лъэхъэнэм Аслъэнджэрий бийм хэщlыныгъэшхуэ яритащ. Абы икъутащ топ зэмылlэужьыгъуэу 11, жыр быдэм къыхэщlыкlа машинэу 10, lэщэ зэрылъ транспорту 10, lэщэрэ шэрэ зэрылъ гу зэщlэщlауэ 85. Люблин, Демблин, Мазовецк къалэхэр къыщащтэми ар япэ итащ, бийр игъэгулэзу. 1945 гъэм и апрелым лейтенант Мэсей Аслъэнджэрий **«Совет Союзым и Лlыхъужь»** цlэ лъапlэр къыфlащащ. Хэку зауэшхуэр иухыным къэнэжа щымыlэу ар Вислэ деж щыхэкlуэдащ.

## ЯХЭГУАУЭ Михаил



Псыгуэнсу щыщ Яхэгуауэ Михаил Къуэкlыпlэ Жыжьэм къулыкъу щищlэрт. Хэку зауэшхуэр екlуэкlыху Яхэгуауэр миномёт батареем связисту хэтащ. Фронтым lутар, зауэ lэнатlэм зыгуэр хэзыщlыкlыр фlыуэ щыгъуазэщ дэнэ деж къыщахьа текlуэныгъэми связистхэм я фlыщlэ зэрыхэлъым.

Днепр япэу зэпрыкlа зауэлl гупым яхэтащ Михаил. 1943 гъэм октябрым и 16-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым Унафэ къищтащ Днепр щызэпрыкlым зэрахьа лlыхъужьыгъэм папщlэ 78-нэ фочауэ дивизэм щыщ цlыху 18-м **«Совет Союзым и Лlыхъужь»** цlэр фlащыну. Абыхэм ящыщт Яхэгуауэр.

360-нэ фочауэ полкым и миномёт батареем и ефрейторым дамыгъэ лъапlэ къызэрырата тхылъым иратхащ: «Щlыпlищым кlапсэр щызэпыудауэ къехутэ Яхэгуауэм. Биишэхэр а щlыпlэм къызэрытелъалъэр илъагъу пэтми, и псэм емыблэжу псынщlэу связыр зэфlегъэувэж, абы и сэбэпкlи миномёт батареем хузэфlокl бийм удын иридзыжын. Зауэр здекlуэкlым аргуэру Михаил къихутащ кlапсэр зэрызэпыудар, ауэ ар щызэпыча щlыпlэр иджыри бийм иlыгът. Абы щыгъуи шынакъым Яхэгуауэр – кlапсэр зэпищlэжыну ежьащ. Щlалэ хахуэм гъуэгум фашист зауэлlитху къыщыхуэзати, псори зэтриукlащ, связри зэфlигъэувэжащ. Батареем бийм езэуэну аргуэру lэмал игъуэтыжащ...»

Яхэгуауэ Михаил зауэ гуащlэ куэдми къелри Текlуэныгъэ Иным и щlыхькlэ Москва щекlуэкlа парадым хэтащ. Гурыфlыгъуэшхуэм къызэщlиlэтэу ар блэкlащ фашист нып фlыщlэхэр зи лъабжьэм щlадза Мавзолейм.

Яхэгуауэр 1990 гъэм февралым и 19-м дунейм ехыжащ.

Зыгъэхьэзырар ***ИСТЭПАН Залинэщ***

## «Зауэм и лъэныкъуитІми фочышэу зэраутІыпщыр псори зытехуэр анэм и гурщ»

*А темэмкІэ «Нур» журналым и редактор нэхъыщхьэ Аброкъуэ Беллэ эссе яригъэтхащ «Псори сщІэну сыхуейщ» зэхьэзэхуэм мы гъэм хэта сабийхэм. Эссехэр гъэкІэщІауэ тыдодзэ.*

**МАХУЭ Самирэт,** Налшык къ., Гимназие №29, 8-нэ кл.

«Анэр нэм хуэдэщ», – жаІэ. Хьэуэ, ар псэми хуэдэщ. Анэм псэкІэ зыхещІэ и быным и Іуэхур зытетыр. «Къэрэгъул бжыхь сыпхухъу, си щІалэ, – жиІэу анэм и къуэр зауэм дегъэкІ. ЩІалэр зауэм Іуохьэ. Хъийм икІауэ лъэныкъуитІыр зозауэ. Анэ тхьэмыщкІэр унэм здыщІэсым псэ гузэвэгъуэр и гум къретыр. ЛъэныкъуитІым зэраутІыпщ шэхэр анэм и гум къытохуэ. Анэгур мэкъутэ, анэм и псэр ныІуокІ. Адрейр иукІмэ – гуІэгъуэщ, и къуэр къиукІмэ, гуІэгъуитІщ. ТІури анэм и бынщ. Анэр аргуэру мэлъаІуэ: «Къэрэгъул бжыхь фэ сыфхухъу! Ди гури ди псэри дотыр, псэууэ фэ фыкъэкІуэж». Анэм и гур къэмычэу, анэм и псэр ІумыкІыу, фочышэ ямыутІыпщу, зауэми бын пэрымыхьэу, маржэ, дэ дывгъэпсэу!

**ДЗЭМЫХЬ Арианнэ,** Къармэхьэблэ, едж. № 1, 5-нэ кл.

«Зауэм и кІэр хьэдагъэщ». Ди къэралым дежкІэ псом хуэмыдэу хьэлъащ Хэку зауэшхуэр. Ди къуажэм щыщу цІыху 800 хэтащ, абы ящыщу 600-м щІигъум къагъэзэжакъым.

Ахэр Гувэжыкъуэ Исмел и къуий, Шэру Ахьмэд и къуибл, ХъуэкІуэн Тыгъуэн, ЛыкІэпшы МытІэ, Уэршыкъуэ Махъсид, Багъ Хьисэ сымэ я къуэ плІырыплІырщ. Къуэ щырыщ яфІэкІуэдащ Мурзэкъан Хьэмид, Бышэн Хьуд, Къэшэж Цацу, ХъуэкІуэн Батыр сымэ. А хэкІуэда псоми я псэр щІатащ нобэ дэ ди уафэр мамыру щытын папщІэ. Къуэр яукІами анэр яукІами зэхуэдэкъэ? Аращ щІыжаІэр, фочышэ яутІыпщар анэм и гум техуэу...

Зи къуэ зауэм хэкІуэдахэм я фІэщ хъуртэкъым ахэр къэмыкІуэжыну...

Нанэм и псэр хэкІын и пэ жиІащ: «Кхъэм сыщыфхькІэ, гъуэгу гъунэгъумкІэ сывмыхьу, гъуэгу жыжьэмкІэ сыфхь. Хэт ищІэрэ, си къуэр къэкІуэжу къысхуэзэнкІэ хъунщ»...

**ТЕНДЖЫЗ Дианэ,** Куба къу., едж. № 2, 7-нэ кл.

Зауэ... ЩыІэу пІэрэ мы псалъэм нэхърэ нэхъ шынагъуэ?! ГухэщІ, гуІэгъуэ, насыпыншагъэ, къулейсызыгъэ, хэщІыныгъэ – аращ зауэ гущІэгъуншэм къиишэр. ЗэщІэдэІукІи, зэхох: уафэгъуагъуэ, щІылъэ къачэ, гъы сабийм, анэм я щэІу макъ. Сыт хуэдиз анэ насыпыншэм я къуэ, я щхьэгъусэ, ялІ къамыгъэзэжарэ! Анэхэм я плІэ къыдэхуащ гъавэ щІэнри, Іэщэ щІынри, сабий пІынри...Ауэ ахэр зыгъэдзыхэр зыт: фочышэу зауэм къыщыІур абыхэм я гум къыщыуэрт. Анэр сытым дежи хьэзырщ и быным шэпэІудз зыхуищІыну.

ЩыремыІэ зауэ! Дывгъэхъумэ анэхэм я гур!

**КУЭЦЭ Миланэ,** Сэрмакъ къу., едж № 2, 6-нэ кл.

Анэ... Сыту гуапэ, щабэ, псэм фІэІэфІ мы псалъэр! Ар зэхэзых дэтхэнэ цІыхуми занщІэу и нэгу къыщІоувэ гъащІэ къезыта, зыпІа, мафІэм иримыгъэсу, псым иримыгъэтхьэлэу лъэ бидэкІэ гъащІэм щызыгъэува цІыху лъапІэр.

Зауэ... Сыту псалъэ кІэщІ, ауэ сыту псалъэ щІыІэ! Ар зэхэзых дэтхэнэми и щхьэфэцыр мэтэдж, и гур зэщІеІулІэ гузэвэгъуэм.

Анэ... Зауэ... Зэпэжыжьэщ мы псалъитІыр цІыху гъащІэм щаІэ мыхьэнэмкІэ. Ауэ щыІэщ зы Іуэхугъуэ а тІур гъунэгъу дыдэ зэхуищІу. Ар – бынырщ.

Іэщэр яІыгъыу бынир лъэныкъуэ зырызкІэ зэпэзыгъэувыр зауэрщ. Зэзауэ лъэныкъуитІми фочышэу яутІыпщыр зытехуэр анэм и гурщ...

Дэтхэнэ зы зауэми ехьыр бынхэм я гъащІэр. Бын зыфІэкІуэда анэм и кІуэцІыр мажьэ, и гъащІэр – жыхьэрмэщ.

ЩремыІэ зауэ! ИремыуІэ анэгур бынхэм зэхуаутІыпщхэ фочышэм!

**ЧЭРТЫ Арианнэ,** Тырныауз къ., № 6, 7-нэ кл.

Зауэ... абы хуэдэу цІыхум и гум зэпхидз псалъэ шынагъуэ щыІэу къыщІэкІынкъым. Мы дунейр къызэриухуэрэ зауэ куэд екІуэкІащ. Абы хэкІуэдахэр къэзылъхуа анэм хуэдэу зи гум, зи псэм








# Удз гъэгъахэр

**«Нур еджакlуэ-2020» зэпеуэм хэтхэм яхуэгъэзауэ.**

Мы къыдэкlыгъуэр зытеухуар удз гъэгъахэрщ. Ахэр куэд мэхъу. Псоми зэреджэр фымыщlэми, щыгъуазэ фызыхуэтщlхэм адыгэбзэкlи урысыбзэкlи зэреджэр, абыхэм я теплъэр фигу ивубыдэ. Къыфщхьэпэжынщ!

а зауэр зыхэзыщlэ зэрыщымыlэр гурыlуэгъуэщ. Анэхэр зауэ нэужьми куэдрэ пэплъащ я бын хэкlуэдахэм. Ди адыгэ усакlуэхэмрэ тхакlуэхэмрэ я лэжьыгъэ куэдым къыхощ анэм хьэзабрэ бэлыхьу а лъэхъэнэм ятелъар. Апхуэдэщ Къашыргъэ Хьэпащlэ и «Зы жэщ», Брат Хьэбас и «Замир» рассказхэр, Абытlэ Владимир и поэмэ «Лlыгъэм и дамыгъэр». Мы тхыгъэхэм дэ къыдагъащlэ сыт хуэдизу зэманыр мышынэгъуами, анэм и быныр Хэкум и къуэ пэжу зэригъэсар.

Мы гъэм илъэс 75 ирокъу а зауэр зэриухрэ. Зэи зыми зи бын яукlа анэм и нэпс Тхьэм иримыгъэлъагъужкlэ!

**ВЭРОКЪУЭ Юринэ,** Малкэ къу., едж. № 3, 7-нэ кл.

Зауэр щхьэм къимытlасэ щlэпхъэджагъэщ, гущlэгъуншагъэщ. Къыпхуэмыlуэтэн хуэдизщ абы мыгъуагъэрэ тхьэмыщкlагъэу къишэр. Лъэныкъуитl зэзауэми цlыху бжыгъэншэхэр хокlуадэ, ахэри зыгуэрым и адэщ, е и къуэшщ. Сыт щыгъуэми гуlэр анэращ. Анэ псоми я гур зыщ бынкlэ. Быныр я псэм хэлъщ, я кlэтlий кlапэщ. Дэтхэнэ анэри мэгуlэ а зауэ гущlэгъуншэм цlыху зэрыхэкlуадэм, ныкъуэдыкъуэ зэрыхэхъухьым, щlыуэпсым и дахагъэмрэ и беигъэмрэ lэсраф зэрищlым щхьэкlэ. Зауэм ядз шэр анэм и гущхьэм тохуэ. Анэр зыщlэхъуэпсыр зыщ – быныр къелынырщ.

**КЪАРДЭН Дисанэ,** Къармэхьэблэ, едж. № 1, 5-нэ кл.

Хэт зигу къемыуэр Хэку зауэшхуэм хэкlуэда ди зауэлlхэр? Дэ ди хэкур, ди зауэлlхэр фlыуэ долъагъу, ауэ а нэмыцэхэри зыгуэрым я бынщ. Адэ яукlми, къуэ яукlми, адыгэ, урыс, нэмыцэ иlэкъым.

Дэтхэнэ зауэри – нэпсщ, хьэдагъэщ, анэм и гум телъ уlэгъэ мыгъуэщыжщ. Арауэ пlэрэттlэ анэм и сабийхэр дунейм къыщlытригъэхьар – зауэм игъакlуэу езым хуэдэхэр иукlыну, езыри игъащlэкlэ къимыгъэзэжыну хамэщl губгъуэм къинэну? Хьэуэ... Анэр хуейщ и бынхэм щlэблэ къащlэхъуэну, езыр жьы хъумэ, япlыжыну... Тремыхуэ зэи зы фочыши анэм и гум!

**УРЫС Алан,**

Налшык къ., едж. № 12, 5-нэ кл.

Анэращ дэ гъащlэ къыдэзытар. Сэ къызгурыlуэу щытакъым «я кlэтlий кlапэмкlэ зэпхащ» жыхуаlэр.

Биологиемкlэ дезыгъаджэ егъэджакlуэм нэгъабэ къызгуригъэlуащ. Мы си тхыгъэм и псалъащхьэм сыкъыщеджэм, занщlэу ар сигу къэкlыжащ. Апхуэдизкlэ анэмрэ бынымрэ зэпыщlащи, анэращ зи гум дыркъуэ техуэр. Анэм гукlи псэкlи зыхещlэ быным и lуэхур щымыхъум и деж. Я кlэтlий кlапэр щызэпхакlэ, ахэм я кум дэлъ зэпыщlэныгъэр куущ. Анэм и гурщ фочышэу зауэ lэнатlэм lутхэм яутlыпщыр зытехуэр, езыр зауэ lумытми.

Анэм и гур хъумэн хуейщ. Ущепсалъэкlэ усакъыу, угупсысэу, мыхъумыщlагъэ умыщlэу ущытыфым – уи насыпщ.

*КЪАШЫРГЪЭ Фатимэ*










*КӀэщт Мухьэз*

## Гъатхэ губгъуэм

Гъатхэ губгъуэм кърипхъащ
ЗэщӀэпщӀыпщӀэу удз гъэгъа.
ЦӀыкӀухэр губгъуэм илъэдауэ
Удз гъэгъа къащып, зэдауэу.
Щхьэж къигъуэтыр фӀэдэхэжу,
Зоныкъуэкъухэр, зодэуэжхэр...
Гъатхэ губгъуэр ягъэбжьыфӀэ
Удзхэм, щӀэблэ насыпыфӀэм!

*АфӀэунэ Лиуан*

## Санэмрэ жызумеймрэ

– Санэ, санэ,
ЦӀыкӀунитӀэ,
ӀэмпӀэ, ӀэмпӀэ,
ӀэмпӀэ кӀэщӀ.
Къыздэплъей уэ
ТӀэкӀунитӀи,
Нэхъ иныӀуэу
ЗыкъэшэщӀ.

– Хьэуэ, хьэуэ,
Жызумей.
Сабий цӀыкӀухэр
Зэзгъэхъуапсэу,
Ин сыхъуну
Сыхуэмей!

*ӀутӀыж Борис*

## ГуащэӀэпэ

ГуащэӀэпэу напэ гъуэжь,
Лъабжьэ махэу дахэкӀей.
КуэдыкӀейуэ гъатхэм къэкӀ,
МэфӀкӀэ мэзыр зыгъэнщӀыф.
Уэ уи деж сэ сыкъэкӀуат,
Укъисчыну си гугъат,
Ауэ си гум ар имыдэ,
Уитщи губгъуэм дахэ дыдэу.

*Нало Заур*

## Сэтэней

Хужь баринэщ и щхьэр,
И цӀэр сэтэнейщ (лабазник),
Удз лъакъуапцӀэ кӀыхьщи,
Пхъэхуей цӀыкӀу нэхъейщ.
«Сэтэнейр къэщхьэлъэм,
Гъунэ иумылъэж»,
ЕтӀэнэгъэм пэплъэу
Вабдзэр гъэтӀылъыж.










*Гъубжокъуэ Лиуан*

## Къэрабэ

Уарэ, мы къэрабэр
Зэрыхьэлэмэт:
Дыгъэм къигъэхуабэм,
И напIэр еIэт.

Дыгъэм зыдегъазэ,
Абы щогуфIыкI.
Дыгъэр зэрыкъуххьэу
И нэр щоункIыфIыкI.

ЦIыхум ещхьыркъабзэу
Ари мэжеиж.
Дыгъэр къыщыщIэкIым,
ГуфIэу къоушыж.

*Жылэтеж Сэлэдин*

## ПIырыпI

Фэ телъыр бырыбу,
КIуэцIылъыр пIырыпIу,
Плъыжьыбзэу ди хадэм
КъыщокI.

Хэт дежкIи щIэщыгъуэу,
ДымыщIэурэ тIыгъуэр
КIэсыжу къэкIауэ
КъыщIокI.

*ХьэIупщы Лолэ*

## Хьэцыбанэ

Тоуфэразэ хьэцыбанэм
Махуэ къэскIэ бжьэ Iэрамэ.
Удз гъэгъахэм хэсщ архъуанэу,
Холъэтыжыр, загъэнщIауэ.

Махуэ бзыгъэу, дыгъэр щабэу
СфIэфIщ сэ губгъуэм сыдэкIын,
ШейтIанлъакъуэу, щIы къэрабэу
Зы Iэмыщlэ къэсщыпын.

– Хьэуэ, – жеIэ шыпхъу Iэнфисэ, –
Гъэгъа цIыкIухэр къыумыфыщI,
Абы бжьэхэм фо къыхах,
Щхьэ гъум цIыкIухэу зызэкъуах.

Хьэуар гуакIуэуи ягъэнщI,
Iус IэфIыщи, мэкъуи дощI.
Мис итIанэ пшхынщ шэ IэфI уэ,
Игъуэ нэсмэ – ар нэхъыфIщ.















Псалъэзэблэдзым удз гъэгъахэм, чыцэхэм зэреджэхэр къыщыгъуэт, щапхъэм тету.

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Б | Ж | Ж | Э | ГЪУ | Э | М | Б | Ж | Т | ХЬ |
| КЪ | Э | А | КЪ | Э | Д | Э | ГУ | Э | Н | Э |
| Р | Н | ЛЪ | А | КЪУ | А | Б | А | С | Э | ХУ |
| У | ХУ | ГУ | КЪ | Э | Й | Э | Щ | Э | Р | Э |
| А | З | М | А | КЪУ | Е | М | З | Щ | ХЬ | Б |
| КЪ | А | Н | ЛЪ | Ы | Л | Э | Э | Р | Э | Э |
| Й | ТI | П | А | КЪУ | У | Ж | ДЖ | Ы | Ц | ГЪУ |
| Е | Э | КЪ | КЪ | Э | С | Н | Ы | ДЖ | Э | Э |
| Ш | Н | Ы | А | Т | ХЪ | Э | Т | Ж | Ы | Г |

Зыгъэхьэзырар ***БЕКЪАН Масирэтщ***

# ZERO WASTE



*Сыт ZERO WASTE зищIысыр? Абы цIыхур дыкъыхуреджэ къабзагъэм: дунейр дымыуфIеину, пхъэнкIийр дгъэмэщIэну! ZERO WASTE кIуэ пэтми зеубгъу.*

*ЦIыхухэр гуп-гупу зэгухьэурэ абы хохьэ, компание ехъулIэхэм я мылъку халъхьэурэ нэхъри зрагъэужь. Абы езым и эмблемэ, и дамыгъэхэр иIэжщ, кърацIыхуу.*




## Ди шхыныр

Дышхэн и пэ дызэгупсысымрэ дызэмыгупсысымрэ сатыритIу къедвгъэтхых.

## Дызэгупсысыр сыт?

1. ДомэжалIэ.
2. Нэхъ пуду, хьэзыру дэнэ къыщытщэхун тшхынур?
3. ДыздэщыIэм ар нэхъ псынщIэу дауэ къэдгъэсын?

Аращи дэ къыхыдох fast-food-кIэ дызэджэ «шхын псынщIагъуэр». Ар дэнэ и дежи щыIэщ, телефонкIи къыпхуагъэсынущ уи пIэ уимыкIыу.

## Дызэмыгупсысыр–щэ?

1. ПсынщIэу япщэфIу пуду къэтщэхуар узыншагъэмкIэ зэгъкъым, абы «узыIэпызышэ химиер» куэду хэлъщ;
2. А шхыныр зэрызэрахьэр зэ фIэкIа къэбгъэсэбэп мыхъу пластик, псыпсхэрщи, пхъэнкIийм мэкIуэж, абы я бжыгъэм хигъахъуэу.
3. Шхыныр дигу иримыхьамэ, е дрикъуамэ ныкъуэшхри хыфIыдодзэж...

## Дызэмыгупсысым сытым дыхуишэрэ?

Ди узыншагъэм кIэрохури ди хьэлъагъым хохъуэ. IэпкълъэпкъыМ «хуэмыгъэткIу» шхыныр щэ лейрэ – лы лейуэ къэтщтащи ди къарум хощI... Хыми щIыми «яхуэмыгъэткIу» полиэтилену пхъэнкIийм хэддзахэмрэ ныкъуэшхыу хыфIэддзэжахэмрэ-щэ?!

Ди унэ дыщышхамэ хьэкъущыкъури ттхьэщIыжынут, къыдэлыжамкIи ди унэ псэущхьэхэм загъэнщIынт. Ерыскъыр хыфIэбдзэныр сыту гуэныхьышхуэ!.. Европэ закъуэм ерыскъы ныкъуэшхыу щрадзыжым цIыху мэжэщIалIэу мелуан 200 ирибгъэшхэфынут. ПхъэнкIийм хэлъ ерыскъым дызэрыбауэ хьэуар зыуфIей метаныр куэду зэрыхыхьэрщэ?.. Абы хьэуар нэхъ хуабэ ещI.

ЩIэныгъэлIхэм жаIэ, апхуэдэурэ екIуэкIмэ, 2050 гъэм ерыскъыпхъэхэм я уасэм 84%-кIэ хэхъуэну.

*Дуней дахэ хэдгъэкIуадэм дэ дыхэмыкIуэдэжарэт. Дызэмыгупсысыжу хъунукъым. КъыкIэлъыкIуэну тхыгъэм мыр и фIэщыгъэцIэщ: «ПхъэнкIийр ахъшэкIэ къыдощэху». Фегупсысыт,сыту пIэрэ ар зытеухуар?*

**ХЪУЭКIУЭН Фатимэ**





Международный образовательный портал
Одаренность.ру
ДИПЛОМ
ПОБЕДИТЕЛЯ
№ OD-66878-1541
награждается
Творческое объединение "Умелец"
ГБОУ "ДАТ "Солнечный город"
Кабардино-Балкарская республика, г. Нальчик
I Место
III Всероссийский творческий конкурс "Мы помним! Мы гордимся!" ко Дню Победы (9 мая)
Номинация: учащиеся 1-4 классов
Название: Ко Дню Победы!
Куратор: Федоренко Вера Викторовна
Мероприятие проводилось на портале «Одаренность.RU» www.ya-odarennost.ru с 05 апреля 2019 по 20 мая 2019
Работа участника прошла экспертную оценку и опубликована на портале «Одаренность.RU»
Председатель оргкомитета, руководитель проекта «Одаренность.Ру»
www.ya-odarennost.ru
Аникина И.С.

# IЭПЩIЭЛЪАПЩIЭХЭМ Я ЕХЪУЛIЭНЫГЪЭХЭР

*Ди щIыналъэм и мащIэкъым унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэфIэкI щызиIэ ныбжьыщIэхэр. Апхуэдэхэращ унагъуэр, лъэпкъыр, республикэр, къэралыр зэрыгушхуэр, пщэдей нэхъыбэжкIэ дызыщыгугъыр.*

Нэгъабэ мэлыжьыхьым и 1-м щыщIэдзауэ накъыгъэм и 4 пщIондэ «Одаренность. Ru» дунейпсо егъэджэныгъэ порталым и напэкIуэцIым къыщыхахащ щIыуэпсыр хъумэнымкIэ **«Прилетайте, птицы, с юга!»** дунейпсо зэпеуэм ирагъэхьа лэжьыгъэ нэхъыфIхэр. Гуапэщ Налшык къалэ Сабий творчествэмкIэ и «ДыгъафIэ къалэ» академием и **«Умелец»** гупжьейм (**Федоренкэ Верэ** зи унафэщIым) абджым пластилинкIэ тращIа я лэжьыгъэхэр къызэрыхэщар. Зэпеуэм япэ увыпIэр къыщахьащ **Блий Миланэ** («Голубиная верность», 1 класс, илъэси 7), **Кантиевэ Алинэ** («Весенняя песня», 2 класс, илъэси 8), **Гызыевэ Камиллэ** («Весенняя песня», 3 класс, илъэси 9) сымэ. Пщащэ IэпщIэлъапщIэхэм къыхуагъэфэщащ проектым и унафэщI Аникинэ И. С. и Iэр зыщIэлъ щIыхь тхылъхэр.

Апхуэдэу нэгъабэ мэлыжьыхьым и 5-м щыщIэдзауэ накъыгъэм и 20 пщIондэ «Одаренность. Ru» дунейпсо егъэджэныгъэ порталым и напэкIуэцIым къыщыхахащ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьам теухуа **«Мы помним! Мы гордимся!»** III-нэ урысейпсо зэхьэзэхуэм ирагъэхьа лэжьыгъэхэм щыщу нэхъыфIу къалъытахэр. Абы хыхьэу еджакIуэхэм абджымрэ тхылъымпIэмрэ пластилинкIэ, гуашькIэ сурэтыр тращIащ, аппликацэ телъыджэхэр ягъэхьэзыращ. «Умелец» зэгухьэныгъэм и пэщIэдзэ классхэм щIэсхэри я зэфIэкI щеплъыжащ а зэпеуэм, япэ увыпIэхэри къыщахьащ.

***ТЕКIУЖЬ Заретэ***





Международный образовательный портал ОДАРЁННОСТЬ.РУ

ДИПЛОМ
ПОБЕДИТЕЛЯ

№ ОD-65321-1536

награждается

**Гызыева Камилла**

ГБОУ "ДАТ "Солнечный город"
Кабардино-Балкарская республика, г. Нальчик

I Место

**Международный экологический конкурс "Прилетайте, птицы, с юга!"**

Номинация: учащиеся 1-4 классов
Название: Весенняя песня
Куратор: Федоренко Вера Викторовна

Мероприятие проводилось на портале «Одаренность.RU» www.ya-odarennost.ru с 01 апреля 2019 по 04 мая 2019
Работа участника прошла экспертную оценку и опубликована на портале «Одаренность.RU»

Председатель оргкомитета, руководитель проекта «Одаренность.Ру»
www.ya-odarennost.ru
Аникина И.С.





Международный образовательный портал ОДАРЁННОСТЬ.РУ

ДИПЛОМ
ПОБЕДИТЕЛЯ

№ ОD-66876-1536

награждается

**Блиева Милана**

ГБОУ "ДАТ "Солнечный город"
Кабардино-Балкарская республика, г. Нальчик

I Место

**Международный экологический конкурс "Прилетайте, птицы, с юга!"**

Номинация: учащиеся 1-4 классов
Название: Голубиная верность
Куратор: Федоренко Вера Викторовна

Мероприятие проводилось на портале «Одаренность.RU» www.ya-odarennost.ru с 01 апреля 2019 по 04 мая 2019
Работа участника прошла экспертную оценку и опубликована на портале «Одаренность.RU»

Председатель оргкомитета, руководитель проекта «Одаренность.Ру»
www.ya-odarennost.ru
Аникина И.С.





Международный образовательный портал ОДАРЁННОСТЬ.РУ

ДИПЛОМ
ПОБЕДИТЕЛЯ

№ ОD-66685-1536

награждается

**Кантиева Алина**

ГБОУ "ДАТ "Солнечный город"
Кабардино-Балкарская республика, г. Нальчик

I Место

**Международный экологический конкурс "Прилетайте, птицы, с юга!"**

Номинация: учащиеся 1-4 классов
Название: Весенняя песня
Куратор: Федоренко Вера Викторовна

Мероприятие проводилось на портале «Одаренность.RU» www.ya-odarennost.ru с 01 апреля 2019 по 04 мая 2019
Работа участника прошла экспертную оценку и опубликована на портале «Одаренность.RU»

Председатель оргкомитета, руководитель проекта «Одаренность.Ру»
www.ya-odarennost.ru
Аникина И.С.

## IэпэIэсэ



# Мэхъыч дощI



**КъызыхэфщIыкIынур сурэтым щыволъагъу:**

1. Лэныстэ; 2. Къэрэндащ; 3. Шхэпс (ПВА);
4. ТхылъымпIэ (салфеткэ) зэмыфэгъу: плъыжь, удзыфэ; 5. Баш кIыхь цIыкIу зыбжанэ;
6. Зэрызэрагъэубыд (степлер).










ТхылъымпIэ (салфеткэ) плъыжьитI зэтелъхьэ, я кур зэрыгъэубыд (сур.1).
Хъурейуэ къэтхъыхьи къыхэгъэж (сур. 2, 3).










Хъурейр зэхуэдитIу зэтелъхьи къэгъэжыхь, сурэтым зэритым хуэдэу (сур.4).
Мэхъычым и пкъыр зэрытынур къыхэгъэщ (сур. 5).
Удз гъэгъам щIыкIэ (формэ) идот: къат къэс къэIэт, и лъабжьэр къуз (сур. 6).



Мэхъычым баш цIыкIу игъэувэ, IуданэкIэ пкъыр егъэубыд (сур. 7).
Пкъым тхылъымпIэ удзыфэ къешэкI, тхьэмпэ къыхэгъэжи тегъапщIэ (сур. 8, 9).
Удз гъэгъар хьэзырщ!

## Псалъэзэблэдз



КЪАШЫРГЪЭ Фатимэ






***ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ***
***Дамирэ*** (илъэсибл,
Налшык къ.),
«Нурым» и сурэт
зэхьэзэхуэм
щытекIуащ. Ар
теухуат ТекIуэнымгъэм
и Махуэшхуэр илъэс
75-рэ зэрырикъум.

*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ*
*ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ*
*«НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 5 2020 г.

Учредитель:
Государственное казённое
учреждение
Кабардино-Балкарской
Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КАШИРГОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован
в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи,
информационных технологий
и массовых коммуникации по
Кабардино-Балкарской Республике
Рег. ПИ № ТУ07-00125
от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати
12.04.2020 г.
Выход в свет 29.05.2020 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak,
DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 2074 экз.
Заказ № 959
Индекс П5896

Стоимость одного номера
по подписке через ФГУП
«Почта России» – 15,19 руб.;
за 6 мес. – 91,14 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30

**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство
«Южный регион», 357600,
Ставропольский край,
г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном
соответствии с качеством
предоставленного электронного
оригинал-макета.